



Pwoteksyon asirans pou abitan New York ki p ap travay atravè Plan Sekou Ameriken an

Avantaj sa pral ekspire nan dat 31 Desanm, 2021

Yo te siyen lwa sou Plan Sekou Ameriken an 11 Mas 2021; li gen ladan l dispozisyon pou ede Ameriken ki te pèdi travay yo akòz pandemi COVID-19 la jwenn aksè nan asirans maladi gratis oswa ki p ap koute anpil kòb. Si ou resevwa Avantaj Asirans pou moun ki p ap travay an 2021, Plan Sekou Ameriken pèmèt ou enskri nan yon plan sante prèske gratis atravè pwoteksyon asirans sante nan NY State of Health pou tout 2021 a. Tout kalite konpansasyon pou chomaj kalifye.

Ki moun ki kalifye?

Pou w elijib, ou dwe deklare ou te resevwa Avantaj Asirans pou moun ki p ap travay pandan omwen yon (1) semèn an 2021 nan aplikasyon ou an. Si mari ouwa madanm ou te resevwa Asirans pou moun ki p ap travay, ou ap elijib tou si nou depoze yon deklarasyon taks ansanm.

Anplis, ou pa kapab elijib pou lòt asirans sante tankou Medicaid, Medicare, Child Health Plus, Essential Plan oswa (abòdab) pwoteksyon asirans anplwayè a esponsorize.

Kòman konsomatè yo kapab jwenn aksè nan yon plan sante “prèske gratis”?

Si ou resevwa Avantaj Asirans pou moun ki p ap travay an 2021, ou ka elijib pou resevwa montan maksimòm pou èd sou fòm kredi taks (enpo) pou prim yo pou ede w redui montan prim chak mwa. Si ou elijib, nivo plan Silver a ap gen montan ki pi ba, li gen ladan l yon prim ki trè ba, yon franchiz ki ba anpil oswa okenn franchiz epi kotizasyon ak ko-asirans ki ba anpil lè ou itilize avantaj ou yo.

Si w pito l, ou kapab itilize kredi taks (enpo) pou prim ou yo pou ede redui montan prim pa mwa ou yo pou plan platinòm, lò, oswa bwonz yo; sepandan, franchiz, kotizasyon, ak ko-asirans regilye yo ap aplikab.

Plan sante prèske gratis sa a ap disponib pou abitan New York ki elijib yo jiska fen 2021.

Èske chanjman yo fè nan asirans sante pou abitan New York ki p ap travay retwoyaktiv nan mwa Janvyè?

Wi. Nan kad Plan Sekou Ameriken an, règ sa a retwoyaktiv apati janvyè 2021.

Konsomatè ki enskri nan QHP atravè NY State of Health epi ki elijib pou avantaj sa a, ap kapab mande Kredi Taks sou Prim yo (Premium Tax Credits, PTC) lè yo ranpli deklarasyon taks yo pou 2021 pou mwa yo te enskri apati Janvyè 2021.

Men sa ou bezwen fè:

Si ou deja enskri nan yon plan atravè Depatman Sante nan Eta Nouyòk:

1. Asire w demann ou a ajou. Pou yo idantifye w kòm yon moun ki elijib pou kredi taks maksimòm sa a, ou menm oswa madanm/mari (si li aplikab), te dwe deklare nan demann ou a ou te resevwa Asirans pou moun ki p ap travay kòm revni pandan omwen yon (1) semèn an 2021.
2. Nan kòmansman chak mwa, NY State of Health pral idantifye moun ki elijib pou avantaj sa a, voye pou yo yon avi oswa yon imèl k ap enfòmè yo ke yo elijib pou resevwa pwoteksyon asirans prèske gratis sa a.
3. **Pou resevwa avantaj sa a, ou bezwen pran aksyon, ki se aplike nouvo kredi ki disponib pou ou.** Lè w ap mete demann ou a ajou, ou kapab chwazi pou enskri nan plan ajan ki prèske gratis oswa aplike kredi taks amelyore nan plan akyèl ou a oswa yon nouvo plan.
4. Si ou mete demann ou a ajou avèk nouvo enfòmasyon sou UIB nan mitan oswa fen mwa a, rele Sant pou Sèvis Kliyantèl NY State of Health pou yo ka revwa demann ou a pi bonè, epi pou demann taks maksimòm la aplike pi bonè.

Si ou pa enskri aktyèlman nan yon plan atravè Depatman Sante Eta Nouyòk:

Si ou pa gen yon kont nan NY State of Health, ale nan nystateofhealth.ny.gov epi kreye yon kont epi kòmansè yon aplikasyon. Si ou gen yon kont ki egziste, rekonekte ankò epi mete demann ajou. Asire w ou ajoute nenpòt Avantaj Asirans pou Moun ki p ap travay. Ou ka elijib pou Medicaid, Essential Plan oswa Qualified Health Plan epi resevwa kredi taks primè. Ou kapab deside enskri oswa pa enskri.

Si ou bezwen kesyon, ou kapab jwenn èd:

- Pandan w ap rele Sant Sèvis Kliyantèl pou NY State of Health nan 1-855-355-5777, oswa
- Nan men yon Asistan Enskripsyon Lokal. Jwenn youn nan:
<https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor>.